ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№240 (22.898) ● 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 10, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Естественнэ монополиехэм хиубыдэхэм я лэжьэкІэм пыщІа Іуэхухэмкіэ щэхуакІуэхэм я ІэнатІэ зэхуаку совету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 19-м къыдигъэкІа унафэ №1689-р-м тету икІи естественнэ монополиехэм хиубыдэ ІуэхущІапІэхэм я лэжьэкІэм хуэгъэза жылагъуэ кІэлъыплъыныгъэ къызэгъэпэщын, естественнэ монополиехэм хиубыдэ ІуэхущІапІэхэм я товархэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я тарифхэр гъэувыным теухуа унафэхэр къыщащтэкІэ щэхуакІуэхэм я Іуэху еплъыкІэр къэлъытэн мурадкІэ, **унафэ сощІ**:

1. Естественнэ монополиехэм хиубыдэхэм я лэжьэкІэм пыщІа Іуэхухэмкіэ щэхуакІуэхэм я ІэнатІэ зэхуаку совету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэр къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Указым щыгъуэу:

естественнэ монополиехэм хиубыдэхэм я лэжьэкІэм пыщІа Іуэхухэмкіэ щэхуакІуэхэм я ІэнатІэ зэхуаку совету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэм теухуа Положенэр;

естественнэ монополиехэм хиубыдэхэм я лэжьэкІэм пыщІа Іуэхухэмкіэ щэхуакІуэхэм я ІэнатІэ зэхуаку совету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэм хэтхэр.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м
№247-УГ

(Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ).

Судыщ Іэхэм я лэжьыгъэр къапщытэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр. Абы Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж юстицэм зыщегъэужьыныр» къэрал программэмрэ зэрагъэзащІэм.

Мэшыкъуэ Хьэчим

АБЫ теухуауэ къыщыпсалъэм КъБР-м ЗэзыгъэкІуж судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ и къулыкъущІапІэм и унафэщІ **Мэшыкъуэ Хьэчим** зэпкърыхуэ къигъэлъэгъуащ суд участкэхэр зэщІэсын унэкІэ къызэгъэпэщыным, судыщІэхэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэным, абыхэм методикэ, мылъку дэІэпыкъуныгъэ етыным хуэгъэзауэ езыр зи пашэ ІуэхущІапІэм зэфІигъэкІхэр. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэзыгъэкІуж судыщІэ участку 46-рэ къыщызэрагъэпэщащ икІи зэзыгъэкІуж судыщІэу апхуэдиз дыдэ щолажьэ.

- Дызэрыт илъэсым и япэ мазибгъум къриубыдэу республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм хэплъэ папщІэ Іуэху 70196-рэ къаІэрыхьащ. Ар япэ хэплъэгъуэу зэпкърахын папщІэ суд псоми яІэрыхьа Іуэхухэм я процент 72-рэ мэхъу. А щыхьІэм тету, зэзыгъэкІуж судыщІэр ику иту мазэ къэс уголовнэ, граждански, административнэ Іуэху 190-м нэблагъэм хэплъэну къыбгъэдохуэ, - къигъэлъэгъуащ Мэшыкъуэ Хьэчим.

ЗэзыгъэкІуж юстицэм зрагъэужьын, абы и лэжьыгъэр тэмэму зэтрагъэувэн папщІэ республикэм гулъытэшхуэ щыхуащІ зэзыгъэкІуж судыщІэхэм я участкэхэр зыхуей хуэгъэзэным, абыхэм шынагъуэншагъэ къызэзыгъэпэщ Іэмэпсымэхэр, информацэмкІэ технологиехэр щызэтегъэувэным. Ауэ ахъшэр къызэрымащІэм къыхэкІыу зыхунэмысхэри щыІэщ.

- 2014 гъэм и пэщІэдзэм дэ КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм делъэІуауэ щытащ зэзыгъэкІуж судыщІэхэмрэ абыхэм я аппаратхэмрэ тэмэму лэжьэн папщІэ сом мелуани 136-рэ къытхуиутІыпщыну. Ауэ бюджетым и хэкъуэ Іыхьэр зэрымащІэм къыхэкІыу дэ тхуахар сом мелуани 120,5-рэщ. Иджыпсту наlуэ къэхъуащ зэзыгъэкІуж судыщІэхэр, абыхэм я аппаратхэр апхуэдэ ахъшэмкІэ зыхуей зэрыхуэмызэнур. Къапщтэмэ, мазибгъум къриубыдэу дэ щІыхуэу сом мелуани 5-м щІигъу къыттехуащ. А ахъшэр Финансхэмкіэ министерствэм икІэщІыпІэкІэ къытхуимыгъэхьмэ, щІыхуэр 2015 гъэм хиубыдэну икІи ар иужькІэ нэхъ пшыныжыгъуей хъунущ, - жиІащ Мэшыкъуэ Хьэчим.

Доклад зыщІам нэгъуэщІ зы гугъуехьи къыхигъэщхьэхукІащ. Ику иту къапщтэмэ, республикэм щыІэ дэтхэнэ зы суд участкэми щІыху 18660-рэ егъэщІылІащ. Ауэ ипэжыпІэкІэ уеплъмэ, а бжыгъэр щІыпІэ щхьэхуэхэм хуабжьу щызэщхьэщокІ. Псалъэм папщІэ, ар Бахъсэн районым щІыху мин 29,8-рэ, Тэрч районым щІыху мин 25,4-рэ, Дзэлыкъуэ районым щІыху мин 24,6-рэ щохъу. НэгъуэщІу жыпІэмэ, а районхэм суд участкэ къэс щІыху щегъэщІылІар мин 23-м щІегъу, абы къыхэкІыу «Урысей Федерацэм щыІэ зэзыгъэкІуж судыщІэхэм я Іуэхукіэ» 1998 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къащта Федеральнэ Закон №188-ФЗ-м къызэригъэувымкІэ, а щІыналъэхэм аргуэру суд участкэу плІы къыщызэрагъэпэщ хъунущ.

Суд участкэхэр зыщІэс унэхэм ящыщ куэд лэжьыгъэм хуэщІакъым. Абы къыхэкІыу зэзыгъэкІуж судыщІэхэм папщІэ унэхэр Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Май, Прохладнэ, Шэджэм муниципальнэ районхэм, Налшык къалэм щащІыну я мурадщ.

Доклад зыщІамрэ депутатхэмрэ къыхалъхьахэр къалъытэри, Президиумым хэтхэм къащтащ КъБР-м и Правительствэм, программэр гъэзэщІэным егъэщІылІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, депутатхэр хэплъащ федеральнэ законхэм я проектхэр къэзэрыгъэщхьэуам, апхуэдэу закон пыухыкІахэр къыдэгъэкІыным хуэгъэзауэ УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентхэм къаІэта Іуэхухэмрэ жэрдэмхэмрэ.

Депутатхэм унафэ къащтащ жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ «Межрегионсоюзэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и управленэм и генеральнэ директорым и аппаратым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ Османов Эльдар Хъусейн и къуэм КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Президиумым и зэІущІэм апхуэдэу унафэ къыщащтащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м зэхуагъэсыну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Жьэн узыфэм зэрызиубгъум цегъэгузавэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм «правительствэ сыхьэтым» хэту депутатхэр щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жьэн узыфэм пэщІэтынымкІэ щрагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Шэт Ирмэ** зыубгъуауэ къытеувыІащ абы и лъэныкъуэкІэ ягъэзащІэхэм, жьэн узыфэм пэщІэтынымкІэ ІэнатІэм щыІэ гугъуехьхэр къигъэльэгъуащ. Ахэр псом япэу къызыхэкІыр сымаджэщхэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэмыгъэпэщарщ, ІэщІагъэлІэхэр зэрамыІэрщ, узыр хэмытІасэ щІыкІэ къэхутэныр тэмэму зэтеубла зэрымыхъуарщ. Флюорограф 12-м щыщу 7-р къутащ, 1-р сымаджэщым щІэтщ, ягъэlэпхъуэ хъуу яІэр 4 хъуу аращ. Къыкъэгъэщтэхьэщ, ягъэlэпхъуэ флюорографхэм щІыху нэхъыбэм я узыншагъэр къэпщытэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зэрагъэзащІэр.

- 2014 гъэм и япэ мазибгъумрэ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэмрэ зэбгъапщэмэ, жьэн узыр зыпкърытхэм я бжыгъэм процентитІ 7-кІэ хэхъуащ. - Ар зыпкърытхэм я нэхъыбэм къыщащІар дохутырым зыхуагъэза иужькІэщ, и чэзум къызэрамыхутам къыхэкІыу узыр хэтІэсауэ, - жиІащ Шэт Ирмэ.

Министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, узыр хэтІэсэхукІэ къызэрамыщІэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ягъэІэпхъуэ флюорограф техникэр зэрахуримыкъурщ. Флюорограф 12-м щыщу 7-р къутащ, 1-р сымаджэщым щІэтщ, ягъэlэпхъуэ хъууэ яІэр 4 хъууэ аращ. Къыкъэгъэщтэхьэщ, ягъэlэпхъуэ флюорографхэм щІыху нэхъыбэм я узыншагъэр къэпщытэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зэрагъэзащІэр.

Фтизиатрие ІэнатІэм щыІэ гугъуехьхэм я гугъу щищІым, министрым жиІащ абыхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр къызэрыІэсхьэр, ІэщІагъэлІэхэр зэрамыІэр. Псалъэм папщІэ, республикэм и районипліым - Шэджэм, Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Лэскэн щІыналъэхэм - фтизиатр дохутырхэр яІэкъым. ІэщІагъэлІэхэр зэрахуримыкъум къыхэкІыу, дохутырхэм ІэнатІитІ здахьын хуей мэхъу. Республикэм и фтизиатрхэм я нэхъыбэр пенсэ ныбжьым итщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэралыр дгъэбыдэн папщІэ, дегугъуу дылэжьэн хуейщ

КъБР-м и Парламентым щыІэ фракцэхэм я унафэщІхэр топсэлъыхь УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар къэзэрыщыхьуам

БЕРД Хьэзрэталий - *Законхэр гъэхьэзырынымкІэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ комитетым и унафэщІ. «Урысей зэкъуэтым» и фракц*

- Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам Путин Владимир къыщытеувыІащ Урысейм и къэрал кІуэцІ, къэрал щыб политикэм я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ ди къэралым и псэукІэм и лъэныкъуэ куэд.

Къэралым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу Президентым къелъытэ иджырей технологиехэр зэтегъэувэныр, щІэупщІэ зиІэ продукцэ къыщІэгъэкІыныр, зэрыщыту промышленностым, финансхэм я ІэнатІэр гъэбыдэныр, зэманым къигъэувхэм пэлъэщын ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыныр.

Федеральнэ Зэхуэсым Путин Владимир Зэрызыхуигъэзам щищ Іыхьэшхуэ теухуащ социально-экономикэ къалэнхэм, къэралым и экономикэм хуэзфІэкІыныхэмрэ нэхъ зэгуэгъу хуей унэтІыныгъэхэмрэ. УФ-м и Президентым къигъэлъэгъуащ хьэрычэт ІэнатІэ мыінымрэ курытымрэ къэІэтынымкІэ хэкІыпІэ пыухыкІахэр. КъызэрыслъытэмкІэ, къэпщытэныгъэхэр зэман пыухыкІакІэ къызэтрагъэувыІэмэ, налогхэр зэрат щІыкІэр илъэситІкІэ ямыхъуэжу къагъанэмэ, хьэрычэтыщІэхэр Іуэхум нэхъ тегушхуэнущ. Президентым къызэхуэсахэр къыхуриджащ бизнесым зэпымыууэ емыныкъуэкъуну, къэпщытэныгъэхэр зэлухуэ ирагъэкІуэкІыну, абы теухуа реестр ятхыну икІи ар дэтхэнэм дежкІи зэлухуэ щагъэтыну. Апхуэдэ Іуэхухэр хьэрычэт ІэнатІэ мыинымрэ курытымрэ я дежкІэ дэІэпыкъуныгъэшхуэщ.

А псоми къадэкІуэу къалэну ягъэув инвестицэхэр 2018 гъэм ирихьэлІэу къэрал кІуэцІ валовэ продукцэм и уасэм и процент 25-м нэгъэсын хуейуэ. Абы къикІыр къэдлэжь псори экономикэм зегъэужьыным хэтлъхьэну арауэ. КІэщІу жыпІэмэ, къэралым зригъэсэн хуейщ къигъэсэбэпэрыськъыпхьэхэр, хущхъуэхэр, промышленнэ продукцэр езым къилэжьыну. Нэгъуэщі къэралхэм къыщищэхупхъэр ди деж щамыщІыфыну хэлъпщхэрщ.

Узгъэгушхуэ псалъэмакъым и социальнэ Іыхьэм хиубыдэу УФ-м и Президентым жиІахэми: ныкъуэдыкъуэхэм я гъащІэр нэхъ тынш щІыным теухуа программэр зэрагъэзащІэ пІалъэм 2020 гъэм нэсыху зэрыпащэм, демографиемкІэ программэхэр къанэ щымыІэу дяпэкІи зэрагъэзэщІэнум, «анэхэм я ахъшэр» Къырымымрэ Севастополрэ щыпсэухэми зэрыратыным. Къэралым и Іэтащхьэм апхуэдэ и псалъэхэм къэралым ис псори нэхъри ягъэгушхуэну си гугъэщ.

Иджы нэхъыщхьэр Путин Владимир къигъэува пщэрылъхэр гъэзэщІэнырщ. Абы папщІэ псори дегугъуу дылэжьэн ахэщ, икІи нэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэкъым, дэ псори зи унагъуэм хуэдэу дызэкъуэту ди гуащІэкІэ къэралыр нэхъри дгъэбыдэн, социально-экономикэ зыужьыныгъэр щІэдгъэхуэбжьэн, цІыхухэм я псэукІэр едгъэфІэкІуэн фІэкІ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«Кавказ. Адыгэхэр»

● ТхылъыщІэ

Араш зэреджэр тхакІуэ Джэдгъэф Борис и тхылъыщІэм. Адыгэхэр абы къыщыгъэлъэгъуащ Кавказым и лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщу, зэхэхауэ я гугъу щещІ абы и лІакъуэхэм.

ТХАКІУЭМ мы тхылъым щызэпкърихащ адыгэхэм я къекІуэкІыкІам щыгъуазэ ухуэзыщІ Іуэхугъуэ куэд, абыхэм ящыщщ нахъапэкІэ ахэр щыпсэуа щІыпІэм теухуауэ къигъэлъэгъуахэр. Абы къызэрыхэщымкІэ, я лъэужьыр къещІэжьхэр Кавказым и курых щІыпІэм и закъуэкъым, атІэ ущрохьэлІэ ищхъэрэ-къухьэпІэ лъэныкъуэмкІи - Тамань хытІыгум, Къырымым, Куро-Араксэ жылагъуэхэм.

Гъэщlэгъуэну къыдэкІыгъуэм ихуахэм ящыщщ Фанагорие, Таматархэ, Пантикапей, Керчь къалэхэм я щІэхэр къызэтехьІахэм щыгъуазэ ухущыщІ хьыбархэр.

Тхылъыр зи Іэдакъэщlэкlым касогхэмрэ Азие ЦІыкІум щыІэ каск лъэпкъымрэ зэуэ къегъэлъагъуэ, абы ипкъ иткІи «Кавказ» псальэр къызэтехьукІам теухуа еплъыкІэщІэхэр къехь. Ридадэ касог пщым и цІэ дыдэр наІуэ къещІ (XI лІэщІыгъуэ).

ТхакІуэм щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ кърелъхьэ пасэрей дэфтэрхэр щызэпкърих тхыгъэхэр, нобэр къыдэсым щІэныгъэлІхэм я еплъыкІэр щІызэтемыхуэ, адыгэ Іуэрыlуатэм, нарт эпосым узыщрихьэлІэ язынькъуэ псалъэхэм я мыхьэнэр езым къызэрыщыкъуэр къегъэлъагъуэ.

КъыдэкІыгъуэм рецензэ хуатхащ щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм. ЕкІуу, дэгъуэу гъэщІэрэщІауэ дунейм къытехьа тхылъым и бжыгъэр мащІэщ. Ар яхуэгъэзащ щІэныгъэлІхэм, егъэджакІуэхэм, студентхэм, адыгэхэм я бээмрэ я тхыдэмрэ дихьэх дэтхэнэ зыми.

«Кавказ. Адыгэхэр» тхылъыр къыщыбгъуэтынущ «Адыгэ унэ» тыкуэным (Налшык, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 49), «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм (Головком и цІэр зезыхьэ уэрам, 6).

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.



ахуищІащ ар зи нэІэ щІэтыпхэхэм.

УФ-м экономикэмкІэ и министр Улюкаев Алексей зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, язынькъуэ ерыськъыпхьэхэм я уасэхэм хэхъуащ. Ахэр нэхъ пуд хъужу щыщІидзэнур дызыхуэкІуэ илъэсым и етІуанэ мазищым и ужькІэщ.



Гъэсыныпхъэхэр нэхъ лъапІэ щІэхъур зэхагъэкІ

УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьар ди къэралым уасэхэм ятеухуауэ щыщыІэ хъуа цІыхухэр.

Къэрал УнафэщІым псом хуэмыдэу къигъэзэу щыбжаб, щІыдагъэхэкІхэм я уасэр зэрехуэхым щхьэкІи къэмынэу, ди къэралым гъэсыныпхъэхэр нэхъ лъапІэ зэрыщыхъуэр. Абы и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну Путиным ткІийуэ яхуигъэуваш а Іуэхур зи пщэ дэлъхэм.

«Мыпхуэдэ упщІэхэр къоув. Дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу щІыдагъэхэкІхэр ди къэралым процентитІ 10-кІэ нэхъ лъапІэ щыхъуащ, дунейпсо уасэхэм процент 35-рэ кІэрыхуами, - жиІащ Путин Владимир. - Ар дауэ къызэрыбгуръыІуэнур? Дэнэ здэпІэр Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущІапІэр?»

Апхуэдэуи Президентым къыхигъэщащ ерыськъыхэкІхэми я уасэхэм щхьэусыгъуэншэу щыхагъахъуэ къызэрыхъуэр икІи а щытыкІэри кІэлъыплъыныгъэ ткІийм щІагъэувэн хуейуэ унафэ

Тутнакъхэр зэрымыарэзыр

Челябинск дэт езанэ тутнакъэщым исхэм ящыщ цІыхуищэм зыкъаІэтауэ зэрызохьэ.

Щхьэусыгъуэу ящІар тутнакъэщыр тэмэму зэрамыгъэпІырщ, абы щыІэхэр ерыськъыкІэ, хущхъуэкІэ ирикъуу къызэрызэрамыгъэпэщырщ. Журналистхэм къыщызэхыраІамкІэ, тутнакъэщыр пІалъэкІэ зэрамыгъэплъар пэжщ, ауэ ар къызыхэкІар бжьамийхэм сэкъат зэрарщ. Иджы псори зэтрахуэжауэ тутнакъхэр щыІэгъэ пэщхэр ягъэзэжауэ.

Іуэхур зэхагъэкІын щхьэкІэ щІыпІэм кІуащ къэралым и зыхуэфащэ ІуэхущІапІэхэм я къулыкъущІэхэр.

НОБЭ

◆ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

◆**Нобель и махуэщ.** Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм щратых Стокгольм (Швецие) къалэм.

◆**Ханты-Мансийскэ автономнэ щІыналъэр - Югрэр къыщызэрагъэпэщар махуэщ**

◆1884 гъэм Псыхуабэ шыгъэжапІэр къызэрагъэпэщащ.

◆Урыс усакІуэ, «Современник», «Отечественные записки» журналхэм я редактор **Некрасов Николай** къызэралъхурэ илъэси 193-рэ ирокъу.

◆Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гыыш Нухь** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

◆Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Лафищ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

◆СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тІэунейр и лауреат, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща дирижер цІэрыІуэ **Темыркъан Юрий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

◆Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Былымгъуэт Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

◆Уэрэдус, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Согуэ Данил** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

◆КъШР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и вице-президент **Шэрджэс Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

◆Спортым щІыхь зиІэ и мастер, самбэмкІэ дунейпсо чемпионатхэм пщыкІуэрэ щытекІуа **Хьэсанокъуэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градуси 2 -3 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЖЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Хьыбар гуапэ

ИлъэсыщІэм ирихьэлІэу

Школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм зэрадэлажьэ щІыкІэхэр егъэфІэкІуэным теухуауэ ди республикэм щрагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм япкъ иткІэ, Іуащхьэмахуэ районым Илъэсыщ Ім ирихьэлІэу къыщызэрагъэпэщынущ иджыри сабий 50 зыщІэхуэн гъэсапІэ пэшхэр. Абыкlэ хъыбар къыдигъэщІащ щІыпІэ администрацэм и пресс-ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэ Тарим Алисэ.

ТЫРНЫАУЗ къалэм дэт сабий сад №10-м зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ район унафэщІхэм я жэрдэмкІэ. ПІэщІыгъуэ блэкІам и 80 гъэхэм лъандэрэ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр щемыкІуэкІа ІуэхущІапІэм и унащхьэр зэрахъуэкІащ, бжэщІэхэмрэ щхьэгъубжэщІэхэмрэ хагъэувакІэщ, зытхьэщІыпІэхэр плиткэкІэ кърашІыкІ. ПэшыщІэхэм нэмыщІ гъэсапІэм къыщызэІуахынущ псыгунэрэ спорт залрэ. А лэжьыгъэхэм хуахащ сом мелуани 5,3-рэ. Абы щыщу федеральнэ бюджетым къыхэкІащ сом мелуани 4,2-рэ, адрейр республикэ, щІыпІэ мылъкухэм я зэхуэдитІу хальхьащ.

Лэжьыгъэхэр дыгъэгъазэм ику пщІондэ зэфІэкІынущ. ИтІанэ ар хуит яхуэхъунущ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэм куэд лъандэрэ хуэныкъуэ сабийхэм. СадыщІэр а цІыкІухэм яхуэхъунущ илъэсыщІэ тыгъэ гуапэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Хъыбарегъащ Іэ

Дыгъэгъазэм и 14-м Молэ Артур и япэ концерт Музыкэ театрым щекІуэкІынущ. Абы игъэзэщІэнущ адыгэ уэрэдыжьхэр, ди къэрал, хамэ къэрал композиторхэм я уэрэд цІэрыІуэхэр.

УпщІэ зиІэхэр 77-42-08; 44-22-10 телефонхэмкІэ фыпсалъэ хъунущ.

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум ирапщІэкІ Іуэху дахэхэм ящыщу концерт итынущ. 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Музыкэ театрым зыкъыщигъэлъэгъуэнущ адыгэм и цІэр лъагэу зыІэта ансамблым. «Кабардинка»-м и гуфІэгъуэр а пщыхьэщхьэм диІэтынущ Адыгэ Республикэм и «Налмэс» ансамблым. Фыкъргъэблагъэадыгэуэрэдымрэкъафэмрэяпшыхьым.

ЛъэпкъІущІгъэ:

Зыри зымыщІэр зэи щыуэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къыдигъэкІа Указ №247-УГ-мкІэ къыщтащ

Естественнэ монополиехэм хиубыдэхэм я лэжьэкІэм пыщІа Іуэхуэмкіэ щэхуакіуэхэм я Іэнатіэ зэхуаку совету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэм ХЭТХЭР

Архэст А. Б. - Псэуныгъэм пыщІа ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Афэщіыж Ю. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и лІыкІуэр

Іэхъуэбэч А. Н. - Бахъсэн муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэр

Беднев Ю. Ф. - «Урысейм и пенсионерхэм я союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пенсионерхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и лІыкІуэр

Васильченкэ Е. В. - «Іуэху зеэныхь Урысей» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и Іэзэщіакіуэ унафэщІыр

Гемуев К. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, Урысейм и либерал-демократие парт - ЛДПР политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и лІыкІуэр

Горобцов В. В. - «Налшык дэт волыт лъагэ аппаратурэ завод» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и техническэ унафэщІыр

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и унафэщІыр

Гъуклэл Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІыр

Къармэ А. В. - «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и лІыкІуэр

Къумал З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и лІыкІуэр

Къурмэн А. А. - «Агроком» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и къуэдзэр

Мэзло Р. Б. - «ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм жылагъуэ кІэльплъыныгъэ щегъэкІуэкІыныжкІэ щІыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Макридов В. А. - «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и инженер нэхъыщІхьэр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» Ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІыр

Мэшыкъуэ Хь. Хь. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союз» лэжьапІэ зытхэм я щІыналъэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр

Митякин В. С. - «Кавказкабель» кабель завод» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и инженер нэхъыщІхьэр

Парафилов Д. В. - Прохладнэ къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэр

Тау П. КІ. - Хъэрычэтыщіэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр

Темиржанов М. У. - «Къалэм и щхьэантІагъэ хозяйствэ» муниципальнэ мэкъумэш предприятэм и унафэщІыр

Хочуев А. Т. - Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэр

Щэуей А. А. - «ОПОРА РОССИИ» хъэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэм и къуэдзэр

Щхьэнкъуэ М. Ю. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щхьэкІуэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыж зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэм и къуэдзэр

Къэралыр дгъэбыдэн папщІэ, дегугъуу дылэжьэн хуейщ

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.)

ПАЩТЫ Борис - ***Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныгъэ щіыкуэ хъыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ комитетым и унафэщі. КПРФ-м и фракцэ***

- Федеральнэ Зэхуэсым Президентым Зэрыгъэхуигъэзар ди къарури зэфІэкІхэри зэщІэгъэУІуэным хуэунэтІащ. Ар нэгъуэщІ къэралхэм иджыпсту кьыт-хуагъэув мыхъумыщІагъэхэм я жэуапщ. УФ-м и Президентым ки-гъэлъагъуащ ди цыхубэр иджыпсту нэрыльагъуу нэхъ быдэу зэрызэкъуэзар.

Ешы псалъэмакъым и гугъу пщІымэ, шэч хэмылъу, ар нэгъэсауэ купщІафІэщ, дэтхэнэ зы цІыхуми и гуп-рэ и псэмрэ хуэгъэза псалъэ куэди хэтщ икІи ди хэкум и хьугъуэфІыгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэныж, псори зэгурызыгъэІуэн хэкІыпІэхэр кьэлъыхъуэным зэхуэфащэн гупльитэ игъэтащ. Коммунистхэм сыт щыгъуи жаІэ мыльку зэрамянэхъыщхьэр, мурад тэмэмхэм цІыхубэр нэхъ лъэщу зэрызэкъуагъэувэр. Аращ дэ нобэ лъэпкъым и мурадкІэ дызэдджэр, ди къэралыр кьызэтенэныкІэ сэбэп хъуащ.

Хуэфащэн гупльитэ игъэтащ унагъуэм, ар гъэбдэзыным, лъэпкъ хабзэхэр, унагъуэм ехьэлІа хъугъуэфІыгъуэхэр кьызэтегъэнэным. НэгъуэщІ зы Іуэху гъэщІэгъуэнщ зэфІэкІышхуэ зиІэ студентхэм защІэхъуэныр икІи абы СССР-м и лъэхъэнэр дигу кьеГъэкІыж. Нэхъ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ студенту минитхум мазэ кьэ дэтхэнэми сом мин 20 иратыну я мурадщ. Ауэ мыбдеж егупсысыпхъщ еджэн яуха иужь апхуэдэ Іэщ1агъэлІхэр лэжьапІэ Іэнатіэ тэмэмхэмкІэ кьызэтІэпэщыным, ахэр нэгъэщІ къэралхэм лэжьакІуэ мыкІуэн папщІэ. Абы и лъэныкъуэкІэ УФ-м и Президентым жиІахэм совет лъхъэжэм ижь зыщІихуа куэд хыбольагъуэ икІи ар си щхьэкІэ сфІэлейкьым. ЯпэкІэ дыкІуэтэну, зыдужьыну дыхуейм, дэ машІэу тІэкІу дызэпльэкІыжу абы щыгъуэ щыІа хэкІыпІэхэр кьэдгъэсэбэпын, тхыдэм и дерсхэр кьэтпьытэн хуейщ, нэгъуэщІхэм кьытхуагъэувэн дытемыту.

АЗЫЧЭ Светланэ - ***Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэ политикэмкіэ комитетым и унафэщі. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и фракцэ***



- Дэ дыдзэрепльымкІэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым 2014 гъэм Зэрызэхуигъэзар зэманым кьыгъэувэхэм йоозгъ. Абы кьэрал щыІб, къэрал кІуэцІ Іуэху куэдым жэуап ярет икІи, зэрыщыту къапщтэмэ, ар Правительствэмрэ Федеральнэ Зэхуэсымрэ зэман кІыхьым тещІихьауэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм я планщ.

Хамэ къэралхэм ахъшэ къизыщІыжхэм псори хуагъэгъуну Президентым къыхилъхьам и фІыщІэкІэ, Урысейм ахъшэшхуэ къращэжьынкІэ хъунущ икІи ар экономикэм зегъэужьыныкІэ щІэгъэкъуэнышхуэу увынущ.

Президентым и псалъэм увыпІэщхуэ щаубыдащ бизнесым теухуа Іуэхухэм. Абыхэм ящыщІу хьэлэлу лажьэ хьэрычэтыщІэхэр кьызэрапщытэр гъэмэщІэныр, налогхэр зэрамыхъуэкІыу ильэсиплікІэ егъэкІуэкІыныр, хьэрычэт Іуэхум хьихьэгъащІэхэм налогхэр ящхьэщыхьныр, Урысейм къащІэж ахъшэр кьызыхэкІар кьамытІэщІыныр.

Мыхьэнэ хэха иІэщ хэхъуэшхуэ зимыІэ цІыхухэм къащхьэщыжьым зэрыхуейм теухуаexistу Президентым жиІам. Лъэпкъым и узыншагъэр, демографие щытыкІэр, лэжьакІуэ цІыхум къыщхьэщыжьныр зыкІи нэхъ Іуэху цІыкІуэкІым, къэрал щІыб политикэр пхыгъэкІынымрэ хэкум и сэбэп зыхэлъхэр дунейпсо утыкум щыхьумэныкІэ нэхърэ.

Къэралым иджыпсту и пащхьэ и Іуэхуэр Президентым кууэ икІи тэмэму зэпкърихащ. Абы хиубыдэу Путин Владимир къигъэлъэгъуащ нэгъуэщІ къэралхэм кьыщІэщхьу продукцэм и пІэ иувэн кьыщІэгъэкІыным, ди къэралым щащІ продукцэм щІэупщІэ иІэным егугъун зэрыхуейр.

Сэ нэсу арэзы сыкъащІащІэблэм щІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыным теуха псалъэхэми. ЩІэблэр гъэсэным, творческэ зыужьныныгъэ егъэгъуэтыным кьыдэкІуэ, щІэныгъэ гуэдзэным Іэмал кьет социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху зыбжани дэгъэкІыныжкІэ. Абы и фІыщІэкІэ щыкІуэхи техьэупеикІыпІэ ягъуэтрэкъым, ахэр гъащІэм нэхъ псынщІэу хозагъэ икІи я зэфІэкІхэр нэхъ тэмэму къагъэсэбэпыф, мыхъумыщІагъэхэм димыхьэхуу къотэдж.

Федеральнэ Іэнатіэм къыщащтащ Урысей Федерацэм щІэныгъэ гуэдзэным зэрызыщиужьыну концепцэр. Иджы, Президентым и псалъэхэр зэхэтха нэужь, дэ щІыналъэ псоми нэхъ дегугъуу я лэжьыгъэм дыщыбгъэдыхьэну икІи концепцэр нэхъ нэгъэсауэ дгъэзэщІэну сыщогугъ.

Хуабжьу сыщыгугфыкІакІащ школым щІэсхэм ящыщу техникэм, гуманитар творчествэм, къэхутэныгъэхэм дахьэхэхэм икІи къэралым, нэгъуэщІ щІыналъэхэм щекІуэкІ зэпеуэхэм ехьулІэныгъэ къыщызыхьахэм, патентхэр зратахэм икІи зи лэжьыгъэхэр щІэныгъэ журналхэм кьытрегъэгъэдахэм зэман благъэм къриубыдэу къэралыр дэІэпыкъуэгъэрыуат, ар хотІасэри, илъэс бжыгъэкІэ загъэхьужьи хуей мэхъу. Жьэн узыфэр нэхъ псынщІэу къэхутэныжкІэ Іэмал хъарзынэщ флюорографиер. Сабийжэм Манту мастэр халъхьэри, абы къеГъэлъагъуэ я щытыкІэр зыхуэдэр.

Депутатхэм кьыхагъащащ цІыхухэр а узыфэ шынагъуэм щыхьумэныжкІэ Іэмалхэр къэгъэувэу, абыкІэ республикэм щыщыІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ. ИрагъэкІуэкІа псалъэмакъым ипкъ итКІэ, Президиумым кьыхилъхьа Іуэхур, КъБР-м и Правительствэм, Узынщагъэр хъумэныжкІэ министерствэм, къалэ, район администрацхэм я унафэщІхэм яхуэгъэзар, депутатхэм къащтащ.

ЗэІущІэм щыхэплащ «Инвестицэм и Іуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэубзыкъ актэхэм зэхъуэкІныныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», «Рзыныкъуэ республикэ унафэхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Парламентым и унафэхэм я проектхэм. КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм иригъэкІуэкІыну Іуэхуэмкіи депутатхэр арэзы хъуащ.

Апхуэдэу зэІущІэм унафэ кьыщащтащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ хуащІа хэлъхьэныгъэм, а унэтІныныгъэм щыгъэІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ «Футболымкіэ «Спартак-Налшык» сабий-ныбжьыщІэ спорт школ» къэралІуэхэм и лэжьакІуэхэу Гъэупльащ1э Асльэнрэ Журт Олегрэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъэр иратыну.

«Правительствэ сыхьэтым» и етІуанэ Іыхьэм хэту зэІущІэм щытепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэ, сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къэралыр зэрадэІэпыкъуным теухуауэ» Іуэхум.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщі.

Жьэн узыфэм зэрызиубгъум уегъэгузавэ

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

Шэтыр тепсэльыхьащ жьэн узыфэм пэщІэтыныжкІэ Іэнатіэм и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным, абы зегъэужьыным теухуауэ яІэ мурадхэм. Апхуэдэу, 2014 гъэм диагностикэ Іэмэпсымэ хэкуэм федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм къыІэрыщхьауэ 67,1-рэ. Республикэ бюджетым щыщу а Іуэхум хухахащ сом мелуан 20,2-рэ. Абыхэмкіэ къащхьунущ республикэм и районхэм папщІэ флюорографиу 6, компьютер томограф, ПЦР-лабораторие, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэри. ЗэращІыпІа зегурыІуэныгъэхэм кьызэрыщІэлъэгъуамкІэ, а Іэмэпсымэхэр псори ми илъэсыр имыкІыу къаІэрыхьэн хуейщ. Абы кьищынэмыщІауэ, хущхьэу лІэужьыгъуэ гуэрхэри къащхьэну я мурадщ.

УФ-м ЦІыхухэм я хуитныныгъэмрэ зэпэщынныгъэмрэ кІэльпъпльыныжкІэ и федеральнэ Іуэхущіапіэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэ **Хьэщыкіу Мадинэт** кьыхигъэщащ жьэн узыфэм пэщІэтыныжкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм емылъытауэ, абыкІэ щыІэм щыщыІэ щытыкІэм узэригъэзавэр.

2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм жьэн узыфэ укъэзыщІа зыпкърытхэм я бжыгъэр процент 26-кІэ щыхэхъуащ. Нэхъыбэу мы узыфэр зиІэр илъэс 45-54-рэ ныбжьым итхэрщ. 2013 гъэм жьэн узыфэр зыпкърыт балигъэм я бжыгъэр процент 9-кІэ, зи ныбжьыр илъэс 17-м нэмыса сабийхэм я бжэ процент 27-кІэ щыхъуащ. КъищынэмыщІауэ, хамэ къэралхэм кьикІыу ди республикэм кьакІуэхэми а узыфэр зыпкърытхэр ягъэхъуэ илъэс кьэс кьахутэ.

Хьэщыкіу Мадинэт кьыхигъэщащ узыфэ зэрыщІалэхэр кьыщежьэ, здэщыІэ щІыпІэхэм ахэр кьезыхьэкІ бактериехэр щыгъэкІуэдныныжкІэ Іуэхугъуэ пыуыкІахэр зэрыщрамыгъэкІуэкІыр. Узыфэ зэрыщІалэхэм я пэщІэтыныжкІэ щыІэ гугъуехьхэм ящыщу абы къигъэлъэгъуащ республикэ бюджетым кьыхэкІыу ныбжьыщІэхэм я узыфэр зэрапкърытыр и чэзум кьахутэн папщІэ зыхуэныкъуэ туберкулиныр кьэщэхуныр иужьрей илъэсищым тэмэму зэрызэфІэмыкьыжр. Жьэн узыфэм щеІэзэ диспансерым и щытыкІэр санитар хабзэхэм кьызэримызагъэр.

Депутатхэм кьыхагъащащ 1973 гъэ лъандэрэ тэмэму зэрамыхьа диспансерым и щытыкІэм арэзы укъызэримыщІыр. А Іуэхум теухуауэ Шэт Ирмэ кьыхигъащащ Узынщагъэр хъумэн Іэнатіэр егъэфІэкІуэныжкІэ программэм хэту сом мелуан 19,9-рэ текІуадэу абы зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІар.

- Мы зэманым инженер Іуэхум пыщІа лэжьыгъэхэрщ и кІэм нэгъэсыжьын хуейуэ кьэнар. Абы текІуэдэнущ сом мелуан 18,4-рэ. Мыльхум епха Іуэхур зэфІэкІащ, лэжьыгъэм етІанэгъэ щІадзэнущ, - жиІащ министрым.

Депутатхэр щІэупщІащ республикэм и цІыхухэм я узыншагъэр кьапщытэныжкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм, жьэн узыфэр зыпкърытхэр хущхьуэкІэ кьызэрызэрагъэпэщым, сымаджжэм я шхыныр зыхуэдэм, нэгъуэщІхэми.

- Къызэралъытэу щытамкІэ, жьэн узыфэр нэхъыбэу зыхуэлъэр нэхъ тхьэмащкІэ псэу цІыхухэрат, арщхьэкІэ нобэ ар кьиубыдынущ дэтхэнэ зы цІыхуми, жылагъуэм щиІыгъ увыпІэм зыкІи емылъытауэ. А узыфэм апхуэдэу зэрызиубгъур сыт зэлъытар? - щІэупщІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ.**

Шэт Ирмэ жиІащ цІыхухэм я узыншагъэр кьапщытэныжкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхухэр кьызэфІэмыІуэхурэр жылагъуэм зэрахэтыр, мис апхуэдэхэм нэгъуэщІхэр ящІалэурэ узыфэм зеубгъу, ар хотІасэри, илъэс бжыгъэкІэ загъэхьужьи хуей мэхъу. Жьэн узыфэр нэхъ псынщІэу къэхутэныжкІэ Іэмал хъарзынэщ флюорографиер. Сабийжэм Манту мастэр халъхьэри, абы къеГъэлъагъуэ я щытыкІэр зыхуэдэр.

Депутатхэм кьыхагъащащ цІыхухэр а узыфэ шынагъуэм щыхьумэныжкІэ Іэмалхэр къэгъэувэу, абыкІэ республикэм щыщыІэ щытыкІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ. ИрагъэкІуэкІа псалъэмакъым ипкъ итКІэ, Президиумым кьыхилъхьа Іуэхур, КъБР-м и Правительствэм, Узынщагъэр хъумэныжкІэ министерствэм, къалэ, район администрацхэм я унафэщІхэм яхуэгъэзар, депутатхэм къащтащ.

ЗэІущІэм щыхэплащ «Инвестицэм и Іуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэубзыкъ актэхэм зэхъуэкІныныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», «Рзыныкъуэ республикэ унафэхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Парламентым и унафэхэм я проектхэм. КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм иригъэкІуэкІыну Іуэхуэмкіи депутатхэр арэзы хъуащ.

Апхуэдэу зэІущІэм унафэ кьыщащтащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ хуащІа хэлъхьэныгъэм, а унэтІныныгъэм щыгъэІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ «Футболымкіэ «Спартак-Налшык» сабий-ныбжьыщІэ спорт школ» къэралІуэхэм и лэжьакІуэхэу Гъэупльащ1э Асльэнрэ Журт Олегрэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъэр иратыну.

«Правительствэ сыхьэтым» и етІуанэ Іыхьэм хэту зэІущІэм щытепсэльыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэ, сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къэралыр зэрадэІэпыкъуным теухуауэ» Іуэхум.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщі.

● Акъыл зэхэдзэ

Мылъку яІамэ, заужьынут

Иджыблагъэ Налшык щекІуэкІащ Урысейпсо ЦІыхубэ Фронтым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и лэжьакІуэ гупым я зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ хамэ къэралхэм къраш хьэпшыпхэр, щхьныгъуэхэр ди къэралым щащІхэмрэ къыщІагъэкІхэмкІэ зэрахъуэкІын папщІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм. КъБР-м ит предприятэ цІыкІуэхэмрэ курытхэмрэ я унафэщІхэм акъыл зэхэдзэ ирагъэщІыну щыІэхуашэа зэІущІэр кьыхэзыгъэкІ ди къэралым и къэрал щІэныгъэхэр зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унэтІакІуэ Къыльщыкъуэ Альберт.

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ пыуыкІа зыхь «Тэрчналмэсым» и унафэщІхэм я советым и Іэтащхьэ **Хьэжу Владимир** жиІам кьыхигъэщащ КъБР-м ит предприятэхэр я лъэ тегъэувэжьным ди республикэм и Іэтащхьэр щІэтъхуэбжьауэ зэрелажьэр.

- Ди дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ хамэ къэрал хьэпшыпхэм хуэдэ кьыщІэдгъэкІыным. Абы щхьэкІэ «Телемеханика», «Станкозавод», «Полупроводниковый завод» Іуэхущіапіэхэр зэгъэпэщыжьын хуейщ. Іэщ1агъэл димыІэу зэрыжаІэр щІыщ. Ди еджапІэхэм ныбжьыщІэ куэд щІэсщ, мис ахэр заводхэм щылэжьэну дедгъэхьэхын хуейуэ араш, - жеІэ Хьэжум.

«Станкозавод» ОАО-м и унафэщІым и къуэдзэ **Тэтэр Артур** жиІащ щащІэу зэгуэлъ гъуапльэ кІапсэхэр кьыщІагъэкІыу ирагъэжьэну зэрамурадыр. Тэтэрым кьыхигъэщащ мэкъумэш техникэхэр зэгъэпэщыжьныр зэрахуэфІэкІынур, тракторхэм папщІэ пкъыгъуэ зэмыльэужьыгъуэхэр кьызэрыщІагъэкІыр, я хьэпшыпхэр кьэзыщэхуэхэм хагъэхъуэныр я кьалэн пажэхэм зэращыщыр.

«Контакт плюс» ООО-м и унафэщІ **Іэрэмысэ Роман** кьызэригъэнэІуамкІэ, абыхьэм видеокамерэхэр, домофонхэр, гъащІэр шынагъэншэ, тынш зыщІ нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр трагъэувэу щытауэ аращ. Иджы абыхэм эпхуэкъару зригъэкІуэну кІапсэхэр кьыщІэгъэкІыным зратащ. Зэкіэ кьыщІагъэкІыр мащІэщ, лъэпощхьэпоуэ зыІууэхэм ящыщу Іэрэмысэм кьыхигъэщащ кІапсэм хэлъ гъуапльэм и уасэм процент 30-кІэ зэрыхэхъуар, Іуэхум зэрызрагъэубгъун мылъкур кьаззэремэщІэкІыр. Абы и хэкІыпІэу кьэпсалъэм кьыгъэльэгъуанкхэм я ахъшэ щІыхуэм щхьэщатыкІыр гъэмэщІэн зэрыхуейрщ.

«Троттер» машинэхуэ заводым и унафэщІым и къуэдзэ **Тхьэмокъуэ Анзор** кьызэхуэсахэм яжриІащ абыхэм я Іуэхущіапіэм кьыщІигъэкІ гу цІыкІуэхэм (полуприцеп) хуэдэ зыщІ Урысейм зыбжанэ фІэкІа зэрыщымыІэр. ХэжІыпІэу ильэгъуэм ящыщу абы кьыхилъхьащ предприятэхэм я хэхъуэм щыщу Іэмэпсымэ кьызэращхунум техьэ налогыр ящхьэщыхьн хуейуэ. Хамэ къэралхэм я Іуэхущіэкіэм тепщІыхьмэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ предприятэхэм щІэх дыдэу заужьынут.

Гъэшхэкі кьыщІэзыгъэкІ «Светловодский» заводым и унафэщІ **Мэремщауэ Аслъэнбэч** кьыхигъэщащ уасэхэм я хэхъуэкІэм цІыхуэхэр игъэгузавэм кьыщынэмыщІауэ, кьаззэрехьэлъэкІыр. ГъэшхэкІым ехьэлІауэ Мэремщауэм жиІащ а Іуэхум куэд щІауэ зэрыхэтыр, абы кьыхэкІыу иджыпсту ди къэралым щыІэ Іуэху зэІУмыбзэм пэлъэщыну кьызэрилъытэр. Урысейм куэд щІауэ гъэшхэкІым зэрыщелэжьым и фІыгъэкІэ, хамэ къэрал кърашхэм дыхуэзымыныкъуэу жиІащ. Абы кьыхигъэщащ предприятэхэм кьыщІагъэкІхэмкІэ ди къэралыр ягъэнщІым кьыщынэмыщІауэ, хамэ къэралхэми ирагъашэу зэтеублэн зэрыхуейр.

ЦІОМАХУЭ Залинэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэм я лъэпкъ къафэхэр Бахъсэн псыхъуэм щагъэзащІэ.
Сурэтыр **Карнеджефф Эугениа** *ищІащ. 1812 гъэ*

Конференцыр йокIуэкI

Тохъу Светланэ

Куянцевэ Еленэ

● Кlыщокъуэ Алим (1914 - 2014) и илъэс

ЦIыхупсэм зезыгъэужь къару

КъБКъУ-м хыхьэ филологие институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Горький Максим и ЦIыр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Кlыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ къызэрагъэпэща дунейпсо щIэныгъэ конференц. ЗэIущIэм кърихьэлIат КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ КъхуэIуфэ Хьэчим, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и кlуданэм и унафэщI Тохъу Светланэ псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ конференцым къекIуэлIахэм икIи зэIущIэр зытеухуа тхакIуэ щджажщэм и творчествэм езым хуиI щытыкIэр Iэзэу кlыхигъащIащ:

- Къэбэрдей литературэр ди къэралым къезыгъэщIыхуа, нужькlэ дунейпсо утыкум изыша Кlыщокъуэ Алим и тхыгъэ хьэмэхэм Хэкум, лъэпкым яхуиIэ лъагъужныгъэр къызэрыщигъэлъагъуэм хуэдэу аз зэхъуIа тхакIуэ щIалъэныгъэр кlыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм зезыгъэужь къаруэу абы къелытэ зэзэпых лъэмыжу плъытэ зэрыхъунум. Къэбэрдей-шэрджэс литературэм и зыужьныгъэр бгъэш хъунумэ, БакIуум тэмэму къелытэ ар ЩоджэнцIыкIу Алий и лъэхъэнэрэ Кlыщокъуэ Алим и лIэщIыгъуэу щытым хуейуэ. Апхуэдэу Хъанджэрий игу кlыгъэкIыжащ Кавказым ис лъэпкъхэм я литературэ жанрхэм зэхуэмыдэу зыщIаужьым и щхьэусыгъуэм теухуауэ зэгуэрым псалъэмакъ щыIауэ зэрыщытар. Ди лъэпкъ литературэм и гугъу пщIымэ, Кlыщокъуэм и фIыгъэкIэ абы и жанр куэд ипжкIэ кIуэтащ.

Зэхуэсым кlыщыпсэлъахэу филологие институтым и унафэщI Куянцевэ Еленэ, КъхуэIуфэ Хьэчим сыми къыхагъэщащ КIыщокъуэ Алим и творчествэм и мыхьэнэр зэрыиныр.

Планарнэ зэIущIэм и ужькIэ конференцым и лэжьыгъэм щыпащащ секцэ зыбжанэм. УнэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гуэша гупхэм къекIуэлIахэм зэпкърахащ иджыпей бзэ щIэныгъэлIхэмрэ литературэм хэлажьыхьхэмрэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ куэд. КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм бгъэдыхьакIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ и гугъу ящIащ абыхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэр илъэс куэд щIаужь КIыщокъуэ Алим и псалъалъэм зэрелажьымкIэ къызэхуэсахэм хъыбар къаругъэщIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор БищIо Борис.

- Мы лэжьыгъэр и кIэм нэсащ икIи псалъалъэр дунейм къытехьэн папщIэ, мылъку хуохын хуейщи, абы теухуауэ дыкъагъэгугъащ 2015 гъэм Налшык и «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кlыщыдагъэкIыну, - жиIащ БищIом.

ЩIэныгъэ зэхуэхьэм и лажьыгъэм и кIэухыу абы хэтахэм зэдэарэзыуэ ящащтащ конференцым и резолюцэр. Абы кlыщыгъэльэгъащ КIыщокъуэ Алим и творчествэм ехьэлIауэ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм ялажьыпхъэхэр.

Конференцым хэтахэм я щIэныгъэ хэхухуэныгъэхэр, тхыгъэхэр щызэхуэхьэса сборникыр куэд мыщIэу кlыдэкIнущ икIи егъэджакIуэхэм, аспирантхэм, студентхэм я дежкIэ ар дэIэпыкъуэгъу нэс хъунущ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

КъхуэIуфэ Хьэчим и къэпсэлъэныгъэ

ГъуэгурыкIуэ Алим Пщымахуэ и къуэр кlыхъэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ ди республикэм Iэтауэ щрагъэкIуэкI зэIущIэхэр, пшыхьхэр, зэпеуэхэр. ТхакIуэшхуэм гулъытэ хэха хуэзыщIаужьм ящыщщ Налшык дэт 14-нэ гимназием и лэжьакIуэхэр.

АдыГэ литературэм и классик, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыцIуэм теухуа зэхьыхьэр кlыхъэзыгъэпащэри езыгъэкIуэкIари гимназиемрэ адыгэбзэммрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ НафIэдз Мухьэмэдщ. Зэпеуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэм теухуа чэнджещ щхьэпэхэр щIалащIэм иритащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ гимназием щезыгъэджхэм я методикэ зэгучъэныгъэм я унафэщI Батыр Марьят.

Кlыщокъуэм и усэхэмкIэ зэпеуащ 2 - 11-нэ классхэм щIэсхэр. Ахэр гъэхуауэ гукIэ къеджащ хэкум, мамырыгъэм, щыхуГъэм, дахагъэм, анэм, нэгъуэщIхэми я теухуа усэхэм.

Зэпеуэм и кlэпщытакIуэ гупым и нэхъыжьыт 14-нэ гимназием и унафэщI Жамборэ Риммэ.

- Адыгэбзэм сабийр дегъэхьэхьи щхьэкIэ мыпхуэдэ пшыхьхэр щIэх-щIэхьыурэ кlыхьэзгъэпэщын хуейщ, - жиIащ Жамборэм. - Зэпеуэм хэтахэм адыгэбзэр дахэу, кlабзэу зэрагъэбзэрабзэр щызэхэпхкIэ, уи гур хэмыхьуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адыгэ лъэпкъым и щыхуэ пажэхэм я тхыгъэхэм щIэблэм я акъылыр яуэщIынущ, я гупсысэр жьжьэ нагъэсынущ. ФIыщIэ яхузощI нобэ мыбдеж утыкум ита егъэкIуэхэми, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми, пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа адаэанэхэми, адэшхуэ-анэшхуэхэми.

УнафэщI гумызагъэм мыхьэнэхуэ ирет сабийм и анэдэлъхубзэр, и хабзэр ищIэу къэгъэтэджыным икIи а Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI дерсхэм екIуу кlыщыгъэсэбэпыным егъэджакIуэхэр кlыхуреджэ.

Зэпеуэм щытекIуащ класс нэхъыщIхэм щIэсхэу Темрокъуэ Ербэч, Шэрджэс Аэзмэт, Тэнащ Iэмырхан, Жыгун Iэдэм, Щхьэгъэпсо Дамир, Кlыщухьэ Маринэ, Тхьэзэплъыж Анатолэ, Щоджэнцыкlу Iэсхьэд, Щоджэн Тамерлан сымэ, класс нэхъыжьхэм я еджакIуэхэу Ажий Дианэ, Жыгуэ Даринэ, Хъэрмокъуэ Къантемыр сымэ.

Зэхьэзэхуэр дахэу зэрекIуэкIар апхуэдэуи я фIыщIэщ еджапIэм и унафэщIым и кlуэдзэхэу Емуз Еленэ, Османовэ Татьянэ, Мызэуш Дианэ, Султановэ Саимэ сымэ, ар сыт и лъэныкъуэкIи фIыуэ кlыхьэрызэрагъэпэщам папщIэ.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Фэеплъ

ФIыкIэ дигу къина Афэ Мариэттэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м дунейм ехыжащ республикэм и полиграфист нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ, а IэщIагъэм лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ ирилэжьа Афэ (Шыгъушэ) Мариэттэ Исуф и пхъур.

Гугъущ мыпхуэдэ тхыгъэ кlэщIым зы цIыхум и гъащIэр, псом хуэмыдэу ар Афэ Мариэттэ и гъащIэм хуэдэу Iэхуфl куэдкIэ гъэнщIауэ щытамэ, ибгъэзэгъэныр. Апхуэдэу щытми, а цIыхубэ тельыджэр нэхъ гъунэгъуу ядгъэщIыхуну дыхуейщ ди щIэджыкIакIуэхэм.

Адыгэ щIепсэу щIыналъэхэми, уеблэмэ ди лъэпкъэгъуэхэр щыхэхэс хамэ къэралхэми пщIэшхэу щызиIэ Афэ лъэпкъым къыхэкIа хъыджэбз зэкIуэ цIыкIур Налшык дэт типографием 1958 гъэм щыувам гъэщIэгъуэн дыдэ щыхъуат газетхэр къыдэгъэкIыным лэжьыгъэу иращIкIыр.

Линотип машинэм ирилэжьэным хуагъэсэну ящта Мариэттэ абы зэман куэд тригъэкIуэдакъым - мазэ бжыгъэм кlуриубыдэу ар а IэщIагъэм хуэIазэ хъуащ, икIи разряд нэхъыщхьэ дыдэр хуагъэуващ. Хъыджэбз гурыхуэм, надзэгубдзаплъэм нэхъыбэжи зэрыхэзэфIэкIынур гу лъатэри, илъэс нЫкъэкIэ фIэкIа мылэжьауэ, Афэр ягъэкIуащ а IэщIагъэм щыхуагъасэу Саратов дэт еджапIэм. Апхуэдэ гулъытэ кlыхуэзэщIакlэр зэрыщыгугъуэ ящыщ. И кlуленигъэ зэрыщIыгъуэ.

Республикэм и полиграфкомбинатым кlуэ пэтми зиубгъурт, а IэщIагъэм ирилэжьэфу щыIэр зыхуеинум хуэдиз хуэртэкъыми, Налшык дэт етIуанэ профтехучилищэм кlыщыдзэIухащ абы хуэгъэпса кlудамэ. ЩIалэгъуалэр полиграфием хуриГъэджну кlыалэр кlыщащIри, Афэр ПТУ №92-м ягъэкIуауэ щытащ. Абыи кlыщыгъэльэгъуащ и Iэщ1агъэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр. Типографием игъэзэжа нэужь Мариэттэ лэжьащ мастер нэхъыжьу, технологыу, газет цехым и унафэщIу. Илъэс щэщIым щIигъукIэ пэрытащ ар иужьрей Iэнатlэм.

А зэманым Афэр япыщIауэ щытащ республикэ, район газетхэм, журнал псоми я лэжьакIуэхэм. Я цIэ-унэцIэ ищIэ кlудей мыхьуу, и нэIуасэт редактор нэхъыщхьэхэри, журналистхэри, тхакIуэхэри, усакIуэхэри. Дэтхэнэ гупми ар зэрытцIыхур лэжьакIуэхэр зэщIэзыгъэуIуэф, зэзыгъэдэIуэф унафэщI гумызагъэут. Апхуэдиз газет зэуэ кlыдэгъэкIыныр, зыми и Iуэху зэблэмыууэ и чэзум щIэджыкIакIуэхэм ахэр яIэрыхьэныр кlудкIэ елытат Мариэ (апхуэдэут дэ абы дызэреджэр) и Iуэху зекъэIам. Ар зэрылажьыгъэ гугъу дыдэм, кlызэрымикIуэу жэуапIныгъэшхуи абы зэрыпытым щыгъуазэщ газет Iуэхум пыщIа дэтхэнэри. АтIэми, и пэжакIуэхэм ящыщ зы щхьэусыгъуэ гуэркIэ кlыдэмыкIамэ, абы и пIэ иригъэныр дакъикъэ бжыгъэкIэ кlиГъуэтын хуейуэ кlыхуихуэу лэжьащ Марэ. ЕПэщIэкIыу ягъэхьэзыр зи чэзу газет кlыдэкIыгъуэм ивэну тхыгъэхэр кlызригъэщIыпын имыгъуэтмэ, линотип машинэм езыр щыбгъэдэтIысхьэ куэдрэ кlэхъурт.

Абы хуэдэу фIыуэ полиграфием кlэщIыкIэ республикэм кlыщыгъуэтыгъуейт. Псалъащхьэхэр кlызэращыпми, линотипми, шрифт лIэужьыгъуэхэми, газетыр ротацэ машинэхэмкIэ тедзэнми, тхылъымпIэм и фIагъэми - абы зыхимыщIыкI кlыщIэгъуэтэгъуейт типографие псом. Абы и деж чэнджещакIуэ кlакIуэрт а Iэнатlэм кlыхьихьагъащIэ ныбжьыщIэ куэд. ИкIи фIыуэ илъагъу Iэщ1агъэм и щэхуэм щыгъуазэ ищIым и закъуэтэкъым - цIыкIу хэтыкIэми хуигъэIущырт абы щIалэгъуалэр. И кlуленигъэ нэхъыщхьэу Марэ кlыилъытэри цIыхум кlыхуащI пщIэрт, кlърагъэз дзыхьырт.

Гуп щыхьыкIэ, зи хьэл зэтемыхуэри щызэрохьэлIэ абы. Апхуэдэ кlыхэкIми, Марэ кlыгъэытырт ахэр зэзышIэлIэн гуэрхэр икIи зэгурыIуэу, зызэхащIыкIыу зэдэлажьэу иригъасэрт. Ар щIыхуэзэфIэкIри езым и Iуныджыр, и пщIэр лъагэти аращ. И унафэ щIэтхэм гулъыти яхуищIыкIырт Афэм. Щыгъуаэзт дзытхэнэми и унагъуэ Iуэхухэр зытетми. Абы игъалажьэхэм я нэхъыбапIэр цIыхубэтри, шыпхъым хуэдэу яхущытыфырт. ЛъэIу зэхуэмыдэхэмкIэ зыкъыхуагъаззрт абыхэм Марэ икIи ящIэрт хэкIыпIэ къаззрыхуигъуэтыфынур. Гупым, зэдэлажьэм и мызакъуэу, зэгъусэуи загъэпсэхурт. Апхуэдэхэм дежи абыхэм я гукъыдэжкIэ къахуиIэту, игъэгушхуэу, игъэгуфIэу яхэтт я унафэщIыр. 2010 гъэм тIысыжами, Марэ и кlыхьэуу щытахэм щIэх-щIэхьыурэ епсалъэрт, абыхэм я Iуэху зытетым щыгъуаззт.

Унагъуэ дахи иIэт адыгэ бзыльхъэ нэсым и щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну Афэм. Щыгъушэ Михаилрэ Мариэттэрэ я бынхэу Мадинэрэ Мурат рэ ирагъэджащ, Iэщ1агъи ирагъэгъэтащ. Аэри унагъуэ хъужащ, я кlуэрылъху-пхъурылъхухэм я ехъулIэныгъэхэм щыгугфыкIыу псэуащ зэщхьэгъусэхэр. Шэч кlытетхьэркъым: зы Iуэхуфlи лъэужьыншэ щыхъуркъым мы дунейм. Зы Iуэху дахэм адрейр кlорокIуэ. Афэ Мариэттэ и Iуэхущlафэ дахэхэм кlыпащэнщ и бынхэм, абыхэм я щIэблэм.

И къаруи зэмани щымысхьу Мариэттэ зэрылажьэр гулъытэнщэ хъуакъым. УщымыкIуэу пхуэбжьынукъым абы фIыщIэ, щытхъу, щIыхь тхылъу кlратар, и цIэр фIыкIэ кlыхъэрыраIуар эыхуэдизыр. Апхуэдэуи абы кlыхуагъэфэщащ «УФ-м и полиграфист нэхъыфI», «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

«Адыгэ псалъэм» и нэIэ хэхауэ кlыттригъэту кlыытщыхьурт Марэ. Сыт щыгъуи кlыытхуэгуапэт, кlыытщыгуфIыкIырт. Ди газетым и зы юбилей дгъэзэпIауэ кlыщIэкIынкъым ар кlыытхэмыту. А махуэшхуэхэм траха сурэт куэдым итщ Марэ. Абы и гушIэкIэр, и дихьэшхыкIэр, и цIыху хэтыкIэ дахэр ди нэгум щIэтщ. Апхуэдэущ ар зыцIыхуу щыта псоми ягу кlыузэринар.

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэр.

Сабийхэм гулъытэ хуащI

Налшык дэт 23-нэ курыт еджапIэм пшыхь гъэщIэгъуэн щрагъэкIуэкIащ Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу. Школым и унафэщI Джэрыджэ Суфянрэ егъэджакIуэхэмрэ гупыжь ящIащ сабийхэр ягъэгуфIэну икIи а Iуэху дахэр кlыдаIыгъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ министерствэм кlэнхауэ лажьэ щIалэгъуалэ центрым и лэжьакIуэхэм.

АХЭР ядолажьэ интернатхэм, зи Iуэху хуэмыщIа сабийхэм я гур нэхъ дахэ зэращыным, зэрагъэгуфIэным сыт щыгъуи яужь иту. А Iуэхущlапlэм и кlудамэхэм ящыщ зы и унафэщI Корсаковэ Галинэ мылъкукIэ кlадэIэпыкъуащ. Апхуэдэу пшыхьыр щIэщыгъуэу иригъэкIуэкIащ ЩIалэгъуалэ центрым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ, режиссер Кабуловэ Зитэ.

ЗэIущIэм кlрихьэлIа сабийхэм гукъыдэжышхуэ ират аращ абы зыкъыщыщызыгъэлъэгъуа артист ныбжьыщIэхэм. Абыхэм псысэхэм, таурыхъхэм хэт лIыхъужьхэм зыпащIыжащ, егъэкIуэхэм я гукъыдэжкIыр къалэту.

Пшыхьым зыхуагъэхьэзырат сабий ныкъуэдыкъуэхэм ящыщ куэдми. Ахэр хъарзынэу уэсхэм гукIэ къеджащ, уэрэдхэр дахэу жаIащ. Я уэзнышагъэкIэ гуныкъуэгъуэ яIэми, гъащIэр нэхъ щIэщагъэуэ зэрагъэкIуэным хущIокъу ахэр. ЗэIущIэм кlрихьэлIа цIыкIуэхэм кlуажэхьхэр кlрагъэщIащ, ажэгъафэхэм кlагъэфащ. КIэщIу жыпIэмэ, я нэгу зрагъэужьащ.

Сабийхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ хуащIащ зэхьыхэр кlыззэзыгъэпэщаэхэми езыгъэкIуэкIаэми, я бынхэм гулъытэ кlызэрыхуащIам папщIэ. Абыхэм я псалъэхэм кlыхьэщащ зэманыр гугъу хъуами, цIыхуфIхэр куэду иджыри зэрыщыIэр.

Пшыхьыр ягъэдзащ 23-нэ, 24-нэ, 28-нэ курыт еджапIэхэмрэ Налшык дэт 5-нэ сабий садымрэ я гъэсэн цIыкIуэхэм ягъэзэщIа уэрэдхэмрэ кlафэхэмрэ.

МЭРШЭНКЪУЛ Динэ.



● Пшыхьхэр

Зэшым хуэдэу зэхущыта цIыху щэджащэхэр

КlыщокъуэАлим Пщымахуэ и къуэр кlыззэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуам иращIэкIа дауэдапщэхэм щыпащащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым. «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кlыззэригъэпэща, «Мы горской песни два крыла» пшыхьыр трауХуат Кlыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я творчествэмрэ я зэныбжьэгъуэрэм. Абыхэм я творчествэр фIыуэ зыльагъу куэд кlызрихьэлIа пшыхьыр кlыщыщIэуихым, «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Беппаев Суфьян жиIащ:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын гуэрэзджэхэу Кlыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я зэныбжьэгъугъэр гъэбыда хъуащ зауэ гъэзэгъанэ хьэлъэхэмкIэ. А цIыху щэджащэхэм я зэхущытыкIэр лъэпкъхэм, къытщIэхъуэ щIэблэхэм я щапхъэу дыкъоргуэгурыкIуэ. Зауэ зэманым кlуэнэхуэ зэхущытыкIэ пIащIэр абы и уэкъкIи иухакъым. Нобэрей ди пшыхьри зытеухуар аращ - зэныбжьэгъугъэр зыгъэпэжа тхакIуитырщ.

Беппаевым кlыхигъащащ дызэрыт илъэсыр щэнхабзэм и гъэу зэрыщытым ипкъ иткIи, дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрырагъэкIуэкIар икIи мы пшыхьыр абыхэм языхэзу зэрыщытыр. Апхуэдэу абы фIыщIэ яхуищIащ къекIуэлIа псоми, пшыхьыр кlыззэгъэпэщыныжкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэда «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, пшыхьым хэта, къекIуэлIа псоми.

КъАРЭНАШЭ Дисэ.

Дентхэмрэягъэувакомпозицэмхьэлэмэту щызэхэухуэнат тхакIуитIым я творчествэм щыщ тхыгъэхэр. КlыщокъуэмрэКулиевыщэ я зэрыщыныгъэр кlыщIэжа зауэ зэманым теухуа усэхэм кlыпащэрт ТекIуэныгъэм, мамыркъэм, Хэкум, лъагъуныгъэм, цIыхубзым, цIыхухэм я зэхущытыкIэ даХэхэм ятеухуа тхыгъэхэм. УсакIуитIым я псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэри гукъынэну ягъэзэщIащ дзэ артистхэмрэ студент ныбжьыщIэхэмрэ.

Концертым и кlэухым абы кърихьэлIахэм ягу къагъэкIыжащ усакlуэхэм я гъащIэм щыщ пычыгъуэ хьэлэмэтхэр. Абыхэм ящыщщ Тау Пащыкъан и гукъэкIыжхэр:

- Сэ насыпу кlызолъытэ КlыщокъуэАлими Кулиев Къайсыни фIыуэ сцIыхуу зэрыщытар. Абыхэм щIэх-щIэхьыурэ сащыхуэзэрт ялэ щIыкIэ Налшыки, нэхъ иужьыIуэкIэ Москва дэт Щэнхабзэмкlэ фондми. Ди зэмэн мытынышэ цIыхухэм дерс кlыхахьипхъат а усакIуитIым я зэщытыкIахэм. Дэтхэнэми ди къалэнщ абыхэм кlытхуагъэна щIэиныр тхъумэну, ар ди щIэблэм ябгъэдэтлъхьэну. Мыпхуэдэ пшыхьхэм нэхъыбэу кlыгъэблэгъэн хуейри щIалэгъуалэрщ. ПлъагъурнэхъзыхьобощIэ, жаIэ, зэхэпхьи нэхърэ. Псалъэ минхэм ялэувыфынущ нобэ ди нэгу щIэкIар.

Апхуэдэу пшыхьым кlрихьэлIат Кулиевым и щхьэгъусэ Элизат, КlыщокъуэмипхуэГуртуев Сэлихь, Созаев Ахъмат, нэгъуэщIхэри. Абыхэм фIыщIэ ин хуащIащ пшыхьыр кlыззэгъэпэщыныжкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуа «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, пшыхьым хэта, къекIуэлIа псоми.

КъАРЭНАШЭ Дисэ.

Адыгэбзэр ягъэбзэрабзэ

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КlыщокъуэАлим Пщымахуэ и къуэр кlызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ ди республикэм Iэтауэ щрагъэкIуэкI зэIущIэхэр, пшыхьхэр, зэпеуэхэр. ТхакIуэшхуэм гулъытэ хэха хуэзыщIаужьм ящыщщ Налшык дэт 14-нэ гимназием и лэжьакIуэхэр.

АДЫГЭ литературэм и классик, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыцIуэм теухуа зэхьыхьэр кlыхъэзыгъэпащэри езыгъэкIуэкIари гимназиемрэ адыгэбзэммрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ НафIэдз Мухьэмэдщ. Зэпеуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэм теухуа чэнджещ щхьэпэхэр щIалащIэм иритащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ гимназием щезыгъэджхэм я методикэ зэгучъэныгъэм я унафэщI Батыр Марьят.

КlыщокъуэмиусэхэмкIэ зэпеуащ 2 - 11-нэ классхэм щIэсхэр. Ахэр гъэхуауэ гукIэ къеджащ хэкум, мамырыгъэм, щыхуГъэм, дахагъэм, анэм, нэгъуэщIхэми я теухуа усэхэм.

Зэпеуэм и кlэпщытакIуэ гупым и нэхъыжьыт 14-нэ гимназием и унафэщI Жамборэ Риммэ.

- Адыгэбзэм сабийр дегъэхьэхьи щхьэкIэ мыпхуэдэ пшыхьхэр щIэх-щIэхьыурэ кlыззэгъэпэщын хуейщ, - жиIащ Жамборэм. - Зэпеуэм хэтахэм адыгэбзэр дахэу, кlабзэу зэрагъэбзэрабзэр щызэхэпхкIэ, уи гур хэмыхьуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адыгэ лъэпкъым и щыхуэ пажэхэм я тхыгъэхэм щIэблэм я акъылыр яуэщIынущ, я гупсысэр жьжьэ нагъэсынущ. ФIыщIэ яхузощI нобэ мыбдеж утыкум ита еджакIуэхэми, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми, пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа адаэанэхэми, адэшхуэ-анэшхуэхэми.

УнафэщI гумызагъэм мыхьэнэхуэ ирет сабийм и анэдэлъхубзэр, и хабзэр ищIэу къэгъэтэджыным икIи а Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI дерсхэм екIуу кlыщыгъэсэбэпыным егъэджакIуэхэр кlыхуреджэ.

Зэпеуэм щытекIуащ класс нэхъыщIхэм щIэсхэу Темрокъуэ Ербэч, Шэрджэс Аэзмэт, Тэнащ Iэмырхан, Жыгун Iэдэм, Щхьэгъэпсо Дамир, Кlыщухьэ Маринэ, Тхьэзэплъыж Анатолэ, Щоджэнцыкlу Iэсхьэд, Щоджэн Тамерлан сымэ, класс нэхъыжьхэм я еджакIуэхэу Ажий Дианэ, Жыгуэ Даринэ, Хъэрмокъуэ Къантемыр сымэ.

Зэхьэзэхуэр дахэу зэрекIуэкIар апхуэдэуи я фIыщIэщ еджапIэм и унафэщIым и кlуэдзэхэу Емуз Еленэ, Османовэ Татьянэ, Мызэуш Дианэ, Султановэ Саимэ сымэ, ар сыт и лъэныкъуэкIи фIыуэ кlыхьэрызэрагъэпэщам папщIэ.

ТАБЫЩ Динарэ.

1964 гъэм СССР-м и чемпион хъуа Тбилиси и «Динамо» командэраш *(щыхсэ я кум дэсыр Іэпщэ Александрщ).*

● Дыгъэгъазэм и 10-р Футболым и дунейпсо махуэщ

Іэпщэ Александр ноби Куржым щагъэлъапІэ

Футболистхэм я Іэщ1эдзыр зытелъ топыр музейм тыгъэ хуащ1ащ.

Иджыблагъэ Куржым (Грузием) Іэтауэ щагъэлъэпІащ1 Тбилиси и «Динамо»-р япэ дыдэу Совет Союзым и чемпион зэрыхъуурэ илъэс 50 зэрырикъуар. Абы ехьэлІа дауэдащ1эхэм ирагъэблагъэри хэтащ1 гъунэгъу республикэм и командэ нэхъыщ1хьэм щыдж1эгу къэралым и дыщ1э медалхэр зы1эрызыгъэхьа Іэпщэ Александр и унагъуэр – и щхьэгъусэ Риммэрэ и бынхэу Ладинрэ Фат1имэрэ.

ТБИЛИСИ и «Динамо»-р япэ дыдэу СССР-м и чемпион хъуащ1 1964 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м. Абы щыгъуэм зэхъэзэхуэр зэрекІуэкІа къеклуэкІыгъуитІым къэралым щынэхъ лъэщ командэр зэхигъэкІыфатэкъым. Гъатхэ пасэм щыщІэдзауэ бжьыхьэкІасэ хъухукІэ ирагъэкІуэкІа джэгугъуэ 30-м Тбилиси и «Динамо»-мрэ Мэзкуу и «Торпедо»-мрэ очко зэхуэдиз къыщ1ахьат. Чемпионыр нАІуэ щ1ыхъуэ зэІущІэ щхьэхуэр Узбекистаным и къалащ1хьэ Ташкент щагъэкІуэкІащ1 икІи ди лъэпкъэгъур зыхэт Куржым и командэр абы 4:1-уэ щ1ытекІуащ, зэрынэхъыфым зыми щэч кІытрыраміыгъэхьэу.

...1964 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м Ташкент къилъэтыкІыжьыну хъухьлъатэр Грузием и къалащхьэм къыщ1ыщетІысэхынур жэщым сыхьэтитІрауэ зэрырщытыр ящІэ пэтми, цІыху минхэр аэропортым и Іэгъуэблагъэхэм щызокІуэ, куржы фадэ пІащІэр зыхурагъахъуэрэ зыр адрейм екъуэхъужу, Іэплпэ зэхуащІу, зэрыгъэпагъу. Абыхэм игъэпльапІэ нэхъапэм етІуанэ - ещанэ увыпІэхэм фІэмыкІыфурэ иджы дыщ1эр япэ дыдэу зы1эрызыгъэхьа футболистхэм я текІуэныгъэр. А гуфІэгъуэр и гъунэгъум гуапэу дегуэш Къэбэрдейми - куржы командэр Совет Союз псом щынэхъ лъэщ хъун папщІэ хэпхъэныгъэшхуэ хуищІащ адыгэ щІалэ Іэпщэ Александр!

Кхъухьлъатэр къызэретІысэхыу цІыхухэр абы пежэжьащ, зыгуэр къащ1ымыщ1ащэрэт жыпІэу уигъэгуэвэзу - псори хуейт я дэрэжэгъуэхэм япэу еІуСэну. ИкІи бжэр Іуахыу къызэриувыкІыу щ1алэхэр япхъуэтауэ цІыху минхэм зэІэпах. ЯІэтахэм ящ1ыщ1 Къызбрун Езанэ (иджы - Хьэтіохъущыкъуей) къыдэкІа ди лъэпкъэгъури.

Абы щыгъуэм Тбилиси и «Динамо»-м и щІыхьыр яхъумащ СССР-м и командэ къыхэхам щыджэгуэху Месхи Михаил, Метревели Славэ, Сичинавэ Георгий, Баркая Владимир, Хурцилавэ Муртаз, Котрикадзе Серго, я техникэ лъэщымкІэ дэни фІыуэ къыщ1алъагъуэу Яманидзе Шотэ, Датунашвили Илья, нэгъуэщІхэми. Куржым къыщамылъхуауэ абыхэм яхэтыр адыгэ щІалэ Іэпщэ Александр и закъуэт. Арат абы пщІэ хэха щ1ыхуащ1ри...

Иджыблагъэ илъэс 50 ирикъуащ абы лъандэрэ, ауэ нобэми куэдым Іофы1у ягу илъыжщ а дэрэжэгъуэ иныр. Я щІалэхэр япэу я къралым и чемпион щ1ыхъуар, дауи, щащ1игъупщ1ак'ъым Куржым. Совет Союзыр щ1ыщэжа иужькІэ, бэлыхь куэд яшэчами, ди гъунэгъухэм яфІ ягъэлъэпІэну мурад ящІащ икІи ар дэгъуэу къайхьулІащ.

Зэманым и къалэн егъэзащІэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, лІэщІыгъуэ ныкъуэ и пэкІэ чемпионхэм я дыщэ медалхэр зыпщІыхалъхьа щІалэхэм ящ1ыщу псэууэ къэнэжар зи ныбжьыр илъэс блыщІым щхьэдзахаэу Хурцилавэ Муртаз, Датунашвили Илья, Баркая Владимир, Сичинавэ Георгий сымэщ. Ахэр, дауи, дауэдапщэхэм къырихьэлІащ икІи Іэпщэ Александр и унагъуэм щаІуащІам я нэхъыжьым теухуа псалъэ гуапэ куэд жаІащ, я гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ. Куржым и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм абы гулъытэ хэха щ1ыхуащ1ащ икІи Іэпщэхэ Риммэ, Ладин, Фат1имэ сымэ зыхэт нэтын, тхыгъэ зыбжанэ ягъэхьэзыращ.

Гуфіэгъэ пшыхьхэр хуабжьу гукъинэжу щкІуэкІащ Руставели Шота и цІэр зезыхьэ театрым. Абы къырихьэлІат Куржым и правительствэмрэ парламентымрэ хэтхэр, спортым, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэр, ветеранхэр. Спортымкіэ министр Кипиани Леван (футболист цІэрыІуэ Давид и къуэщ) къыщІэсалъэм къыхигъэщащ а лъэхъэнэм Тбилиси и «Динамо»-м куржыхэм дэрэжэгъуэ ин къаззрыритар икІи лъэпкъым нэхъри зэрызэкъуигъэувар. Ар щхьэхуэу икІи гуапэу тепсэлъыхьащ Къэбэрдейм и ЛыкІуэ Іэпщэ Александр. Куржыхэр абы «Апшелавэ»-кІэ еджэрт. Кипиани къызэхуэсахэм къахуеджащ я къэралым и спортым щынэхъ лъапІэ дыдэ дамыгъэр - «Спортым и уэрк» - 1964 гъэм СССР-м и чемпион цІэр къахуэхьэхэм иджы зэрыфІащар. Абыхэм яхэтщ Іэпщэ Александри.

Іэпщэ ФатІимэ къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ мы зэІущІэ иным я унагъуэр къызэрырагъэблэгъам, и адэ Александр нобэми куржыхэм зэращымыгъупщэм къыхэкІыу.

Тбилиси и къалэ Іэтащхьэхэм зы махуэкІэ нэхъ пасэу къызэрагъэпэща зэІущІэми Іэпщэхэ ирагъэблэгъащ. Унагъуэм къыбгъэдэкІыу абы къыщ1ыпсэлъащ Ладин икІи къызэхуэса къулыкъущІэхэм, топ джэгум хэтахэм, абыхэм я щІэблэхэм и адэм теухуа гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ.

Юбилейр щкІуэкІа махуэхэм утыку кърахьащ Тбилиси и «Динамо»-р СССР-м и чемпион зэрыхъурэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлІу къыдагъэкІа тхыльитІ. Абыхэм ярытщ Іэпщэ Александр теухуауэ уэзрыгушхуэн хьэлэмэт куэд.

Илъэс 50 хъуауэ Іэпщэхэ я унагъуэм щ1ахъумэ 1964 гъэм Тбилиси и «Динамо»-м хэту Совет Союзым и чемпион хъуахэм я ІэщІэдзыр зытелъ топ. Куржым Спортымкіэ и музейм ар тыгъэ хуащІащ икІи хэгъэрейхэм я Іэхэугъуэр гуапэ дыдэ ящ1ыхъуащ - иджы Іэмал ягъуэтащ ащхуэдиз илъэскІэ адыгэ унагъуэм щ1ахъумэ фэеплъыр псоми зрагъэлъагъуну.

Куржым Спортымкіэ и министерствэмрэ Тбилиси и «Динамо»-мрэ я унафэщІхэм щхьэхуэу яхуэзащІ Іэпщэ Александр и унагъуэр. Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ящ1ыщ1 гъатхэ дыхьэхуэкІуэм ди гъунэгъу къэралыгъуэм и ныбжьыщІэ командэхэр Налшык къэкІуэныр, Іэпщэм и фэеплъу гъэ къэс екІуэкІ зэпеуэм хэтын папщІэ. Ветеран цІэрыІуэхэу Хурцилавэ Муртаз, Гуцаев Владимир, Баркая Владимир сыми а Іэхэугъуэм я гуапэу зыкъырахьэлІэну къагъэгугъащ.

Гъэ къакІуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ - илъэс 50 ирокъу Налшык «Спартак»-р Урысей Федерацэм и чемпион зэрыхъурэ. Абы щыгъуэми ди командэм и пашэу щытащ Іэпщэ Александр. ФІы хъунт ар хуэфащэну ди республикэм щагъэлъэпІамэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Іэпщэхэ Риммэ, Ладин, ФатІимэ сымэ я гъусэщ куржы топджэгу ц1эрыІуэхэу Гуцаев Владимиррэ *(щ1ытщ)* Пачкория Тенгизрэ.

Абхъазхэм я щэнхабзэ Іуэхущ1апІэ

● Зэпыщ1эныгъэхэр

Вэрокъуэ Владимир и хьэщІэхэм фІэхъус ярех.

Дзидзарие Тимур ГъукІапщэ Арсен егъэлъапІэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым иджыблагъэ зэхыхьэ дахэ щекІуэкІащ, гуэзджэм, жылагъуэм, политикэм я лэжьакІуэхэр кърихьэлІауэ.

АР ТЕУХУАТ Абхъаз щэнхабзэ центр къызэрызэІуахым. Бысымхэм къищынэмыщІа, а махуэм Щэнхабзэмкіэ фондым и хьэщІэт дыщэкІ Дзидзарие Тимур я пашэу Абхъазым къикІа гупыр. Абыхэм яхэтт литератор ныбжьыщІэхэри: Габниа Дифэ, Цвижбэ Радэ, Авидзбэ Бадрэ, Капш Алхас сымэ.

Абхъаз щэнхабзэ центрым и унафэщІ ГъукІапщэ-Кацбэ Ингэ къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэр къызэІуихыныр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетымрэ Абхъаз къэрал университетымрэ я жэрдэму зэрыщытыр, 2013 гъэм Сыхъум щекІуэкІа «Урысей-Абхъаз» зэхьэхьэм а Іуэхур къызэрыщ1этар.

Вэрокъуэ Владимир ГъукІапщэ-Кацбэ Ингэ екъуэхъущ1ащ лэжьыгъэ купщІафІэхэр зэфІагъэкІыну, я мурадхэр къайхъулІэну.

- Нобэ мы пэшым къыщ1ызэхуэсахэр абхъаз лъэпкъым и Іуэхур зыІуТымрэ абы и къэкІуэнымрэ тегуэзэвыхь защІэу зэрыщытыр си фІэщ мэхъу. ФІыщІэ яхузощ КъБР-м и Правительствэми, Абхъаз къупкъущІэхэми, ди Іуэхур тхудзэзыгъэкІыу къытхъуэува псоми, - жиІащ Ингэ.

Дзидзарие Тимур абхъаз-адыгэ зэхущытыкІэхэм щытепсэлъыхьым игу къигъэкІыжащ Абхъаз Хэку зауэр къыщ1ыхъеям Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэр абыхэм зэрадэІэпыкъуар. «Апхуэдэ лІыгъэр абхъазхэм зэи тщ1ыгупщэнукъым. Къуэш пэлъытэу фызэрыдиІэрщ нобэ зы утыку дыщ1ызэдитыр, сыщогугъ дяпэкІи, щэнхабзэм и мызакъуэу, экономикэ Іуэхухэмкіи нэхъ быдэу зэпыщ1а дыхьэну», - жиІащ абы.

Абхъаз Республикэм Тхыдэ-щэнхабзэ щІэинымрэ щэнхабзэмкІэ и министерствэм къыбгъэдэкІыу Дзидзарие Тимур щ1ыхь тхылъхэр яритащ ди республикэм и цІыху лажэ зыбжанэм: Сосналы Любовь, КъБКъМУ-м и ректор Апажэ Асльэн, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ, скульптор ГъукІапщэ Арсен, композитор ХьэІупэ Джабрэ1ил, суэрэтыщ1 Мэстафэ Вячеслав сымэ, нэгъуэщІхэми.

Зэхыхьэм кърихьэлІа ди хьэщІэхэм КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІыу щ1ыхь тхылъхэр, саугъэтхэр ираташ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэхэм, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, музыкант Чурей Дыжьын бжьамиймкіэ игъэзэщІащ абхъаз, адыгэ макъамэхэр.

ГъукІапщэ-Кацбэ Ингэ дыщигъэгъуэзащ Шинкубэ Бэгъарат теухуа пшыхь къызэгъэпэщІнынымкіэ я Іуэхухэр яублэну зэрамурадыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«Кабардинка»-м и къафэ

КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлжьэныгъэ зэрыхъурэ и унафэщІ КІуашын Анзор.

Сосналы Любовь и псалъэ.

Чурей Дыжьын

Сэмэгумкіэ къыщыщІэдзауэ: **Авидзбэ Бадрэ, Габниа Дифэ, Кацбэ Ингэ, Цвижбэ Радэ, Капш Алхас.**

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм зэрытетыр къапщытэ

1991 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къыдэкІа «Урысей Федерацэм цІыхухэр Іэнатіэкіэ къыщыІэзэпэщынымрэ и Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №1032-1-р Шэрэдж районым и предприятэхэм, организацэхэм, Іуэхущ1апІэхэм зэрыщагъэзащІэр куейм и прокуратурэм къипщытащ.

Къыззрахутамкіэ, «Къэббалъкъэпотребсоюзым» ыхьэ «Жылагъуэ шхапІэ предприятэхэм я Шэрэдж зэгухьэныгъэ» ООО-м хуит къэхъу Іэнатіэхэм (къулыкъуэхэм) ятеуухуа хъыбархэр цІыхухэм лэжьапІэ къаухъэлтыхьхъуэ щІыналъэ центрым мазэ къэс иритыркъым.

Апхуэдэ щ1ыщ1эныгъэхэр къыщ1ыщ1агъэщащ Балъкъэр Ипщэ къуажэм и курыт школитІым, Безенги, Джэрпэджэж жылагъуэхэм я еджапІэхэм, Аушыджэр, Зэрэгъыж, Къарэ-Суу, Джэрпэджэж, Жэмтхьэлэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэхэм я администрацэхэм, «Шэрэдж-1» ООО-хэм, «Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, «Черекские вести» газетым и редакцэ» МКУ-м, «РусГидро»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, «Урысейм и ДОСААФ», «ЖКХ» муниципальнэ предприятэ зэхэтым.

Къэпщытэныгъэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, къыщІагъэщэ ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну пщэрылъ ящ1ызыщ1 тхылъхэр я Іэнатіэхэм я унафэщІхэм я цІэкІэ ятхащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гу зылъытапхъэ

1963 гъэм къалъхуа Соломатин Алексей Серафим и къуэр къалъыхъуэ

2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м ар Терскол дэт хьэщІэщым къыщІэкІри кІуэдащ. Иужь дыдэу щалъэгъуар сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 30-рщ. Абы лъандэрэ здэщыІэр ящІэркъым.

И тепльэр: сантиметри 175-рэ и лъагагъэ, зэщІэкъуащ, и щхьэцхэр сырыхущ, нэ къуэлэнщ.

Щыгъар: лыжэкІэ къэжьхьым хуэщІа кІагуэ, гъуэнщэдж фІыцІафэхэр, лъэпс зэрылъ вакъэ гъуабжэ-фІыцІафэ.

Къалъыхъуэ цІыхухъур здэщыІэм зыгуэр хэзыщІыкІ псори 8-800-700-54-52 (къэрал псом пщІэнщэу къыщІагъэсэбэп) е 102, 02 телефонхэмкІэ къэпсэльэну дольэІу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я щхьэІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епТыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм ахуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтымыгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елажьхэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзІэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жанетщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3628 ● Заказ №2381